

Pawòl Bondye te vin jwenn pwofèt William Marrion Branham

“Jezikri se Bondye”

Men revelasyon an : Jezikri se Bondye. Jeova Ansyen Testaman an se Jezi lan Nouvo a. Kèlke swa jan ou vire l tounen l, ou pa kapab pwouve ke gen TWA Bondye. Men Sentespri dwe ba ou on revelasyon tou pou fè ou konprann verite sa a ke Li se Youn. Se yon revelasyon ki pou fè ou wè ke Jeova Ansyen Testaman an se Jezi Nouvo a. Satan glise kòl antre nan legliz e li bouche je pèp la konsènan verite sa a. E yon fwa ke je yo te vin bouche sou sa, sa pat pran tan pou legliz Ròm te sispan n batize lan non Seyè Jezi Kri.

Mwen admèt ke Sentespri dwe ba ou yon vrè revelasyon pou ou konprann verite konsènan Divinite jodi a kote ke nou lan mitan magouy kap fêt sou do yon pakèt Ekriti. Men legliz kap venk lan e ki gen viktwa a li bati sou revelasyon, konsa nou espere ke Bondye va revele nou verite Li. Men, an realite ou pa bezwen yon revelasyon pou batèm dlo a. Li jis la a l ap gade ou an fas. Eske li ta posib yon sèl minit ke apot yo te fè chemen krochi sou yon kòmandman dirèk Seyè a bayo pou batize lan non Pè, Fis, Sentespri e konsa pou yo ta fè eksprè dezobeyi? Yo te konnen kisa non an te ye, anplis pa gen ankenn kote nan Lèzekriti ke yo te batize yon lôt jan ke lan non Seyè Jezi Kri. Bon sans ou di ou ke Akdèzapot se legliz an aksyon, e si yo te batize fason sa a, alò se fason sa a tou pou ou batize. Bon si ou panse ke se ekzajere, sa ou va di sou sa a menm? Tout moun ki pat batize lan non Seyè Jézi a, li dwe rebatize ankò.

Ak 19:1-6, “Antan Apolòs te lavil Korent, Pòl menm tap pase nan tout mòn peyi Lazi yo jouk li rive lavil

Efèz. Li jwenn kèk disip nan lavil la. Li mandé yo, Eske nou te resevwa Sentespri depi nou te kwè? Yo reponn li, Yo pat janm di nou te gen yon Sentespri. Epi li te di yo, Ki batèm nou te resevwa? Epi yo reponn, Batèm Jan an. Lè sa-a, Pòl di yo, Jan te batize moun ki te asepte tounen vin jwenn Bondye, li tap di pèp Izrayèl la pou yo te kwè nan moun ki tap vini apre l la, ki vle di Jezi. Lè yo tande sa, yo mande pou resevwa batèm nan non Seyè Jezi. Apre sa, Pòl te poze men l sou yo, epi Sentespri desann sou yo; yo pran pale an lang, epi yo tap pwofetize.” Men ni. Bon moun Efèz sa yo te okouran de vini Mesi a. Jan te pale de Li. Yo te batize pou repantans peche yo, pou PITA yo te vin kwè nan Jezi. Men la a sete tan pou je yo te FIKSE sou Jezi e pou yo te batize pou PADON peche yo. Sete tan pou resevwa Sentespri a. E kan yo te batize lan non Seyè Jezikri, Pòl te poze men l sou yo e Sentespri a te vin sou yo.

Oh, byenneme Efèz sa yo, se te de moun de byen; e si gen moun ki te gen dwa pou yo te santi yo an sekirite, se te byen yo menm. Ou va remake jiskibò yo te sòti. Yo te pakouri tout chemin sa a pou aksepte Mesi ki gen pou L vini an. Yo te prè pou Li. Men eske ou pa wè ke malgre sa, yo te manke L? Li te vini e Li te ale. Yo te bezwen batize lan non Seyè Jezikri. Yo te bezwen ranpli ak Sintespri a.

Si ou te batize lan non Seyè Jezikri, Bondye gen pou ranpli ou avèk Espri Li. Sa se Pawòl la. Ak 19:6 ke nou te li a, se akonplisman ak 2:38, “Tounen vin jwenn Bondye, *epi youn apre lòt* vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, na resevwa Sentespri, kado Bondye a.” Ou wè, Pòl avèk èd Sentespri te di ekzakteman sa Piè te di avèk èd Sentespri tou. E sa k te di an PA KAPAB chanje. Sa dwe menm bagay depi LaPannkot jiskaske dènye eli an va batize. Galat 1:8, “Enbyen, si yon moun ta vin anonse nou yon lòt bòn nouvèl ki pa

menm ak sa nou te anonse nou an, moun sa a li te mèt te mwen menm, osinon yon zanj ki soti nan syèl, madichon pou li.”

Gen kèk nan Initè yo ki batize mal. Yo batize pou rejenerasyon kòm kwa plonje nan dlo a sove ou. Rejenerasyon pa vini nan batèm dlo; sa se travay Sentespri a. Non m ke Sentespri te enspire pou l te bay lòd, “Tounen vin jwenn Bondye, epi youn apre lòt vin resevwa batèm nan non Seyè Jezi,” pat di dlo a rejener. Li te di ke se sèlman prèv yon “bòn konsyans devan Bondye.” Se te fini. 1 Piè 3:21, “Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou dlo batèm lan kap delivre nou koulye-a (se pa yon bagay kap wete kras sou kò nou. Men, se yon angajman nou pran devan Bondye ak yon konsyans san repròch) gremesi Jezikri ki te leve sòti vivan nan lanmò.” Mwen kwè sa.

Si yon moun ta vle fè l nenpòt kèk fos idé sou listwa kòm kwa pou pwouve batèm dlo a te konn fèt yon lòt fason ke lan non Seyè Jezikri, mwen ta konseye w li listwa pou wè l ou menm menm. Men yon vrè dokiman sou yon Batèm ki te fèt nan lavil Ròm nan lanne 100 apre J.K. ke yo fè parèt nan TIME magazine 5 desanm 1955. “Diak la te leve men l an lè, e Publius Decius te pase pa pôt basen dlo a. Marcus Vasca, yon machann bwa te kanpe nan basen dlo a ki te ba l jis lan ren l. Li tap souri pandan ke Publius tap avanse nan basen dlo a bò kote li. Li te mande ‘Credis ?’ Publius te reponn ‘Credo’. ‘Mwen kwè ke sali m vin nan Jezikri, ki te krisifye nan tan Pons Pilat. Mwen te mouri avè L pou m te kab gen lavi etènèl avè L tou.’ Setalò, li te santi men yon ponyèt fò ki tap soutni l pandan ke li menm, li te kite kòl ap tonbe pa bak nan basen an, e li te tandem vwa Marcus lan zòrèy li — ‘Mwen batize ou lan non Seyè Jezi’— pandan ke dlo frèt la te kouvri tout kò l.”

Depi tout tan jiskaske verite sa a te pèdi (e li pat retounen pazavan dènye aj sa a—ki vle di depi Nise

jiska konmansman sièk sa a) yo te konn batize lan non Seyè Jezikri. Men, sa te retounen. Satan pa kapab bloke revelasyon an kan Lespri vle bay li.

Wi, si te gen twa Bondye, ou ta gen rezon pou w batizé pou on Pè, on Fis ak on Sentespri. Men, REVELASYON KE YO TE BAY JAN sete ke gen YON SÈL BONDYE e non L se SEYÈ JEZIKRI, konsa ou fè batèm ou pou YON Bondye yon sèl la. Se poutèt sa ke Piè te batize jan 1 te fèl jou Lapannkot la. Li te dwe rete lan verite revelasyon ki te di konsa, “Ke tout moun kap viv nan Izraèl konnen sètin, ke Bondye te deklare MENM JEZI, yo te krisifye a, li se ALAFWA SEYÈ AK KRIS TOU.” Men Li, “SEYÈ JEZIKRI AN”

Si Jezi se “ALAFWA” Seyè e Kris, alò Li (Jezi) se, e li pa dwe lòt bagay ke “Pè, Fis e Sentespri” lan ON sèl Moun ki te manifeste nan lachè. Se PA “Bondye an twa pèsòn, trinite beni,” men se YON BONDYE, YON SÈL MOUN avèk twa gran tit majè, avèk twa fonksyon kap manifeste tit sa yo. Tande sa a yon lòt fwa. Menm Jezi sa a Li “ALAFWA Seyè e Kris.” Seyè (Pè) e Kris (Sentespri) se Jezi, paske Li menm (Jezi), Li ALAFWA toude (Seyè e Kris).

Si sa pakab montre nou vrè revelasyon sou Divinite a, okenn lòt pap reyisi. Seyè se PA yon lòt moun; Kris se PA yon lòt moun. Jezi sa a se Seyè Jezi Kris – YON SÈL BONDYE

Filip te di Jezi yon jou, “Seyè, montre nou Papa a e sa va satisfè nou.” Jezi te reponn li, “Depi tann dat mwen avè w epi ou pa konnen m? Moun ki wè m nan li wè Papa a tou, kòman ou fè di, montre nou Papa a? Papa a avèk mwen fè Youn.” Gen yon lè, mwen te repete vèsè sa a epi yon dam te di m, “Fè yon ti tann, Msye Branham, ou menm ak madanm ou fè youn.” Mwen te di, “Pa fason sa a.”

Li te reponn, “Ki sa ou vle di?”

Mwen te di 1 konsa, “Èske ou wè mwen?”

Li te reponn, “Wi.”

Mwen di, “Èske ou wè madanm mwen?”

Li di, “Non.”

Mwen di, “Alò fè youn ansanm sa a pa menm bagay, paske Li te di, lè ou wè mwen, ou wè Papa a.”

Pwofèt la te di va gen limyè nan tan lannwit. Lan chan an, yo ekri:

Va gen limyè nan tan lannwit,
Se sèten, ou va jwenn rout Laglwa
a,
Chemen dlo a, se sa ki limyè jodi a,
Lè ou plonje nan presye non Jezi.
Jènjan kou gran moun, manyè
repanti de tout peche nou,
Sentespri a va rantre sèten.
Limyè lannwit lan vini,
Se fèt e founi ke Bondye ak Kris fè
youn.

Sa pa fè tèlman lontan, mwen tap pale ak yon Raben Jwif. Li te di m, “Nou menm moun nasyon sa yo, nou pa kapab koupe Bondye an twa mòso pou bay yon Jwif Li. Nou konn mye ke sa.”

Mwen te di li, “Raben, se vre, nou pa koupe Bondye an twa mòso. Ou kwè nan pwofèt yo, pa vre?”

Li te di, “Mwen kwè sèten.”

“Èske ou kwè Ezayi 9:6?”

“Wi.”

“De ki moun pwofèt la tap pale?”

“Mesi a.”

Mwen te di, “Ki rapò Mesi a va genyen ak Bondye?”

Li te di, “Li se Bondye.”

Mwen te di, “Se sa.” Amèn.

Ou pa kapab mete Bondye an twa pèsonn ou an twa pati. Ou pa kapab di yon Jwif ke gen yon Pè, yon Fis e yon

Sentespri. Touswit, li va di w ki koté ide sa a soti. Jwif yo konnen ke kredo sa a te tabli lan moman Konsil Nise a. Sa pa dwe etone ou ke yo konsidere nou tankou payen.

N ap pale de yon Bondye ki pa chanje. Jwif yo kwè sa tou. Min, legliz te transfòme Bondye L la ki pa chanje a, li te fèl pase de YOUN a TWA. Men, limyè a retounen nan tan lannwit. *Se vrèman on kichòy ke verite sa a te rive nan moman ke jwif yo tap retounen an Palestin.* Bondye ak Kris fè YOUN. Jezi sa a se ALAFWA SEYÈ E KRIS.

Jan te resevwa revelasyon an, e se JEZI ki te revelasyon an, Li te manifeste L Li menm nan lèzekriti — “Mwen SE Moun Ki Te La a, Ki la a e Ki gen pou l Vini an, Tou Pwisan an. Amèn.”

Si ou ta kite revelasyon an chape w, leve tête ou epi chache Bondye pou sa. Se sèl fason ke ou va genyen l. Se Bondye ki dwe bay revelasyon an. Li pa dwe janm vini fason natirèl lèzòm, men fason Spirityèl. Ou kapab menm retrni lèzekriti lan tête ou, menm si se yon bagay ekstraòdinè, sa pap mache. Sa dwe yon revelasyon Bondye. Yo di lan Pawòl la ke san Sentespri a pèsonn pa kab di ke Jezi se Kris la. Ou dwe resevwa Sentespri a, sètalò e sèlman lè sa a ke Lespri kapab ba ou revelasyon ke Jezi se Kris la: Bondye, Sa ki gen Onksyon an.

(*Yon Pati nan Ekspoze Sèt Aj Legliz yo.*)

Enprime an Kreyol nan Lanne 2005.

©2005 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatêt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org